Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 29 (9940) 28 июль 2023 с. / Рузман 10 МухIаррам 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

17 июля 2023 года №92

Дылым

**«Об утверждении Порядка замены жилого помещения, занимаемого гражданами по договору социального найма, на жилое помещение меньшего размера на территории муниципального района «Казбековский район».**

Руководствуясь статьей 81 Жилищного кодекса Российской Федерации, статьей 7 Устава муниципального образования «Казбековский район», администрация муниципального района «Казбековский район»

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Утвердить прилагаемый Порядок замены жилого помещения, занимаемого гражданами по договору социального найма, на жилое помещение меньшего размера на территории муниципального района «Казбековский район».

2. Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района «Казбековский район» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

3. В течение 15 дней со дня принятия направить настоящее постановление муниципального района «Казбековский район» в прокуратуру для проведения антикоррупционной экспертизы и проверки на предмет законности.

4. Направить настоящее постановление администрации муниципального района «Казбековский район» в Министерство юстиции РД для включения в регистр муниципальных нормативных правовых актов в установленный законом срок.

5. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации муниципального района «Казбековский район» Эмеева З.Н.

*Глава Г. Г. Мусаев*

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

17 июля 2023 года №93

Дылым

**«Об утверждении Порядка выявления и освобождения территорий поселений муниципального района «Казбековский район» от самовольно установленных некапитальных сооружений».**

В соответствии с Гражданским кодексом Российской Федерации, Земельным кодексом Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003 № 131-ФЗ "Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации", ст. 7 Устава муниципального образования «Казбековский район», администрация муниципального района «Казбековский район»

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Утвердить прилагаемый Порядок выявления и освобождения территорий поселений муниципального района «Казбековский район» от самовольно установленных некапитальных сооружений.

2. Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района «Казбековский район» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

3. В течение 10 дней со дня принятия направить настоящее постановление муниципального района «Казбековский район» в прокуратуру для проведения антикоррупционной экспертизы и проверки на предмет законности.

4. Направить настоящее постановление администрации муниципального района «Казбековский район» в Министерство юстиции РД для включения в регистр муниципальных нормативных правовых актов в установленный законом срок.

5. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на замес- тителя главы администрации муниципального района «Казбековский район» Эмеева З.Н.

*Глава Г. Г. Мусаев*

***С полными текстами Постановления №92 «Об утверждении Порядка замены жилого помещения, занимаемого гражданами по договору социального найма, на жилое помещение меньшего размера на территории муниципального района «Казбековский район» и Постановления №93 «Об утверждении Порядка выявления и освобождения территорий поселений муниципального района «Казбековский район» от самовольно установленных некапитальных сооружений», можно ознакомиться на сайтах МР «Казбековский район» (kazbekovskiy.ru) и сетевого издания «Салатавия» (salataviya.ru).***

## Аппаратальул данделъиялда

25 июлалда, районалъул бетIерасул ишал тIуралев И.И. Шабазовасул нухмалъиялда, тIобитIараб аппаратальул иргадулаб данделъиялда гIахьаллъана учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

суал районалъул росабазул гIадамазе ботIрол унтилъун кколин абуни, мекъи ккеларо. Нилъер лъида лъалареб, бербалагьи гьечIого, биччан тараб гIияца, боцIуца ва чуяз гьабулеб санагIалъи бахъин? Районалъул кинаб росулъе щваниги, гьенир къватIаздаги росу тун



Гьеб данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана районалъул ЖКХялъул объектал 2023-2024 соназул хасалихълъиялдегун хаслиде хIадур гьариялда, школазда пачалихъияб аттестация (ОГЭ, ЕГЭ, ГВЭ) тIобитIиялъул хIасилазда, тIалаб гьабичIого, риччан тарал хIайваназда хурхарал суалал.

Нилъер лъида лъалареб, кколеб къагIидаялда тIад хIалтIи гьабичIеблъиялъул хIасилалда, улкаялъул бакI-бакIазда газ, ток, лъим ва цогидалги санагIалъаби чIезариялъулъ кколел хIасилазул хIакъикъат? Узухъда, нилъер районалдаги гьединал лъугьа-бахъинал рукIуна, амма ахирисял соназ гьезул къадар гIемераблъун букIинчIо, щай абуни, районалъе нухмалъулез гьелдехун цIикIкIараб кIвар кьолеб букIун.

ГIурусазул аби буго *«Чанагъ риидал хIадуре, гьоко-хасало»*,-ян. Умумулъанго бачIараб гьеб аби битIараблъун букIиналъе мисалал рачине кколаро, гьел нилъеда цере руго. Гьеб кинабго хIисабалдеги босунин районалъе нухмалъулез гьанжего гьелде кIудияб кIварги буссинабулеб бугеб.

Гьеб суалалда сверухъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъул, гьарулел ва гьаризе кколел тадбиразул гьениб бицине кколаан архитектураялъулгун бакIал раялъул, ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас, амма гьев унтун вукIин хIисабалдеги босун, гьеб суалалъул хал гьаби нахъбахъана.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъай гьабизе цеве вахъана лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул МухIамаев. Гьес бицараб гьаб газеталда бахъизе ресги рекъечIого, гьеб нижеца, гIатIид гьабун, хадусеб номералда кьезе буго.

Хал гьабиялде босараб 3-абилеб къватIирехунги рихьизе бегьула тIубарал къокъаби гIи-боцIул ва жеги чуязул. Нилъеда цIакъ лъикI лъала гьаб заманалда техникаялъул къадар цIакъго цIикIкIун букIин. КъватIаздасан, шагьранухдасан ва цогидалги бакIаздасан унелъул, циндаго, гьелда цебе кинаб букIаниги хIайван лъугьани, гьелъ техникаялъеги гIадамазеги гьабулеб заралги балъголъи гуро.

Чанго хIужа букIинчIищ, къаси нухда рукIунел хIайваназул гIайибалдалъун, гIадамал хвараб? Цоги, нилъер лъида лъалареб биччан тараб боцIиялъул лъималазул гIумруялъе цIикIкIараб хIинкъи букIунеблъи? Гьедин букIиналъе мисалаллъун рачине бегьула къватIисел улкабазда ва Россиялъул бакI-бакIазда къватIул (рехон тарал) гьабзаз гIисинал лъимал гIумруялдаса ратIа гьариги цогидал лъугьа-бахъиналги.

БоцIи биччантеялъе батIи-батIиял гIиллаби руго, гьел киназдаго лъалелги ратила. Гьеб суал рукIалиде бачиналъе щиб букIаниги гьабичIони, гьелъ кида-къадги «гьумер чIегIерлъуде» рачинчIого нилъ телин абуралдаги щаклъизе бачIуна.

Гьеб суалалда тIасан гIатIидаб кIалъай гьениб гьабуна жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас. Гьес, боцIи рукъоб хьихьиялъул къагIидабаздаса байбихьун, гьелъул бетIергьабазда тIадал ишазул, гьезул ихтияразул ва биччан тараб боцIуе, бетIергьабазе, законалда, гьарурал хIукмабазда рекъон, гьел кинаб тамихIалде цIазе бегьулебали бицана.

Гьеб суал рукIалиде ккезабиялъул рахъал росабазул администрациябазда бараблъун кколеблъиялда гьес тIадчIейги гьабуна.

*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 Расул ХIамзатовасе-100 сон

гьум. 3 ТIадбан унеб буго

гьум. 4 Положение о конкурсе




**ТIоцеве Расул ХIамзатов нилъер районалде 1967 соналъул 13 августалда щвана. Районалъул тIабигIаталъ, гьелъул гIадамазул сахаватлъиялъ асир гьавурав шагIирасул, узухъда, къотIи ккола цоги нухалдаги нилъер районалде щвезе, цого, гьеб къотIи тIубазабизе 1985 соналъул 2 ноябралда гурони, гьесул рес рекъоларо. ТIоцеве нилъехъе щвеялъ кIудияб асар рекIее гьабурав Расулица, гьоркьоб заман иналде, Дилим росдал жамагIаталъухъе кагъат бачIуна. Халкъияв шагIир гьавуралдаса 100 сон гIолеб букIин хIисабалдеги босун, гьеб кагъат нижеца газеталда бахъулеб буго.**

## Ассаламу гIалайкум, магIарулал, мугIрузул тIалъиялъул гIадамал!

### Ассаламу гIалайкум, хIурматиял дилимал!

Дун нужехъе, нужер ракьалде щвана тIоцебесеб нухалда, амма дир ракI цIакъго хIайран гьабуна нужер ракьалъул берцинлъиялъ, гьенир ругел рохьаз, гIурччинлъиялъ, гIадамазул лъикIлъиялъ, гьез гьалбасе гьабулеб рохалилаб ва берцинаб дандчIваялъ.

Россиялъул цогидаб халкъго гIадин, нилъ-Дагъистаналъул дагьалго гIадамал, цебе заманалда хIехьезе кIолареб къварилъиялда рукIана. Пасияб зулмуялъул хIатIикь мерхьунел рукIана дагъистаниял пачаясул заманалда, гьел цIакъго нахъегIанал, пагьму, махщел гьечIел, хашал гIадамаллъун рикIкIунел рукIана. Нилъер цIар рагIарал кочIохъаби: Батырайил, Ирчи Казакил, МахIмудил гьайбатал асарал халкъалдаса балъго хутIулел рукIана, гьезие нух къан букIана.

Гьезда жидерго кучIдул басмаялда рахъун киданиги рихьичIо, амма гьезул кучIдузе ва жакъасеб нилъер талихIалъе, гIорхъи гьечIого, гIатIидаб нух КIудияв Ленинница ва КIудияб ОктябрАлъ рагьана.

Гьанже Дагъистаналъул поэтазул ва хъвадарухъабазул басмаялда рахъарал асаразул тираж нилъер республикаялъул халкъалъул къадаралдасаги цIикIкIуна.

Дагьал гьечIо республикаялда АбутIалиб Гъафуров, Анвар Аджиев, Камил Султанов, Машидат Гъайирбекова гIадал машгьурал поэтал ва хъвадарухъаби.

Лъида лъалареб нилъер кьурдул ансамбль «Лезгинка», ансадерил, балхаразул ва кубачиязул меседил кверазул махщелчагIи? Гьез гурищ Дагъистаналъул цIар тIолабго дунялалда тIибитIизабун бугеб?

Миллионал гIадамаз хIикмалъи гьабун буго, гьабсагIат музеялъул къанагIатаб жо гIадин, В.И. Ленинил букIараб ва Кремлялъул кабинеталда цIунараб, кIудияв вождасе ансадерица сайгъаталъе гьабураб цIулал щакъитIелалда.

Дида Лондоналда рихьана балхараз махщалида, хIатхун берцинго, гьарурал щагIил хъабул.

Парижалъул гIадамазда кидаго кIоченаро «Лезгинка» ансамблялъул артистаз гьарурал, маргъадулъ рицунел гIадал, гьаваялъул кьурдаби.

Дун щвана Африкаялде, Америкаялде, Азиялде ва Европаялде. Дица сапар гьабуна дунялалъул гIемерал улкабазде. Дица гара-чIвари гьабуна Америкаялъул президентгун, Япониялъул, Непалалъул, Англиялъул къиралзабигун. Амма нуж щибниги дида бахиллъуге. Гьезул бакIалда вукIинегIан, дие дилимазул колхозчилъун вукIине бокьила, щаян абуни, гьезулъ гьечIо ва гьанже ккун хадуб букIинеги гьечIо нужелъ гIадаб гIанчIаб рохел.

Ниж -поэтал ва хъвадарухъаби ВатIаналда ва нужеда цере жеги налъулаллъун руго. Нуж рукIинчIелани, нижги рукIунароан.

Нужер бахIарчиял ишазул цIар нижеца тIолабго дунялалда гIатIидго тIибитIизабизе ккола. Дун вохарав вуго гьелъие бицун хIалкIоларелгIанасел ресал нилъее КIудияв Ленинница, КIудияб ОктябрАлъ, гIагараб партиялъ кьун рукIиналдаса.

## Политсоветалъул данделъи тIобитIана

Дагьал церегIан къояз районалъул администрациялда тIобитIана «Цогояб Россия» партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул политсоветалъул данделъи.




Гьелъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана «Сельсовет Хубарский» муниципалияб гIуцIиялъул депутатазул Собраниялде, «Цогояб Россия» партиялъул рахъалдасан, кандидатал рихьизариялда, 2023 соналъул 10 сентябралда тIоритIизе ругел рищиязде план-график хIадуриялда, гьезде уполномоченныялгун божи бугел гIадамал тIамиялда ва партиялъул мухъилъе цIиял членал росиялда хурхарал суалал.

Политсоветалъул данделъи нухда бачана гьелъул секретарь ХI.ХI. Мусаевас. Гьенир, 7 июлалдаго электроннияб гьаракь кьеялдалъун, рихьизарун рукIарал «Сельсовет Хубарский» гIуцIиялъул депутатазул Собраниялде кандидатал, бальгояб гьаракьалдалъун, къабул гьаруна.

Гьединго, гьениб хал гьабурал цогидал суалазда тIасанги рищиязде хIадурлъиялъул кампания гIуцIиялда нухда тIобитIиялдеги данде кколел хIукмаби къабул гьаруна.

***Мурад Ибрагьимов, «Цогояб Россия» партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул ишал тIуралев секретарь***

## Къайимлъиялде ккарал бесдалазда хурхун…

Нилъеда лъала ахирисеб соназ, батIи-батIиял гIиллабаздалъун, бесдаллъуде ккарал лъималги, гьезул тIалаб-агъаз гьабулелги, гьел къайимлъиялде росаралги гIадамал рукIин. Гьединго, лъала гьединаз жидеца тIаде росарал ишал тIуразариялда тIад гьабулеб хIалтIул хал гьабулел гIуцIаби рукIинги.



Узухъда, гьединаб гIуцIи нилъер районалдаги буго, гьелда *«Къайимлъиялъулгун тIалаб-агъазалъул отдел»*-ан абула.

Дагьал церегIан къояз гьеб отделалъ тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана Дилим, Ленинаул, ИчкIа, Гуни, Буртунай, Калининаул, Паркьухъ росабалъа ва Дубки посёлокалдаса балугълъиялде рахинчIел лъимал тIалаб-агъазалде росарал 26 хъизабазул вакилзаби.

Гьеб тадбир тIобитIиялъе квербакъана районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул начальник АбутIалиб АбутIалибовас ва тIадехун рехсараб отделалъул бетIерай специалист Загьраханум Батиевалъ.

Данделъиялда гьабураб рагьараб кIалъаялда АбутIалибицаги Загьраханумицаги данделъиялъул гIахьалчагIазе бицана къайимлъи гьабиялъулъ ругел хиса-басиязул, тIалаб-агъаз гьабулезда тIадал ишазул ва данделъаразул суалазе жавабал кьуна.

***«Салатавия» сетаlъулаб издание***

*Инсан ва гIумру*

## Росу тун къватIивехун вугониги

Гьаб заманалда, бакIазда кинаб букIаниги хIалтIи гьечIолъиялде багьун, нилъер гIолохъабазул гIезегIанаб къадар район, республика тун къватIибехун хIалтIулеб буго. Узухъда, кIочонаро гьезда, гIезегIанаб заманалъ къватIирехун ругониги, гIагараб ракьги, росуги, гIадамалги. Гьезул хIакъалъулъ бицуна, гьел гIемер рехсола ва мисалалъе рачуна.

Гьединазул цоявлъун кколин абизе бегьула Гъозтала росулъа Мурад Чупанов. Гьев гьавуна 1974 соналъ захIмат бокьулел, ракIбацIцIадал, кIвахI гьечIел, росуцоязул мурад тIубазе хIадурал Мурадги ругьун гьавуна, гьитIинаб къоялдаса байбихьун, захIмат бокьиялде.



МухIамадзагьирилги Муслиматилги (ж.м.ч.) кIудияб хъизаналда. Эбел-инсуца

Росдал школалда 8 класси лъугIизабун, Гьев Хасавюрталъул СПТУялде лъугьана. 1993 соналъ гьев армиялъул мухъилъе ахIана. Мурадица Севериаб флоталда хъулухъги гьабуна. Рагьулаб хъулухъ рекIее гIурав гьев, къотIикъайги хъван, гьенивго чIана. БатIи-батIиял гумуздагун хъулухъазда вукIарав гьев Сириялда ккарал тунка-хIусиязулъги гIахьаллъана.

РакIбацIцIад рагьулаб хъулухъ тIубазабиялъухъ, Мурад батIи-батIиял даражабазул медалазе, грамотабазе ва гIарцулал шапакъатазе мустахIиклъана. РикIкIад рагьулаб хъулухъалда вугониги, Гьесда кIочон толаро гIагараб росуги гьелъул гIадамалги. Дагьал церегIан къояз гьес росдал газалъул трубабазда бахине лажбар битIун бачIана, хIажалъи ккани, цоги битIизе бугинги абуна.

Мурадицаги лъади Эльмирацаги 4 вас гIезабулев вуго. Щаклъи гьечIо, гьелги, эменго гIадин, лъикIал гIадамаллъун лъугьине рукIиналда.

Бокьун буго гьев лъикIав инсанасе, росдал бетIер Абакар Абакаровасул, жамагIаталъул рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе

***Асият Сурхаева, Гъозтала росу***

# БахIарчилъиялъул дарсида

ГIадатлъун лъугьун буго, батIи-батIиял байрамаздагун лъугьа-бахъиназда хурхун, районалъул гIуцIабазда данделъабиги тадбиралги тIоритIи. Гьел тIоритIиялъулъ хасаб бакI ккола культураялъул гIуцIабаз. Гемерал къоял инчIо,



КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб 22 июналда хурхун, батIи-батIиял тадбирал тIоритIаралдаса. Гьезул цояблъун букIанин абизе бегьула дагьал церегIан къояз Буртунай росдал библиотекаялда, бетIералда рехсараб цIаралда гъоркь, тIобитIараб тадбирги.

Гьеб хурхинабун букIана Курскалъул свериялда (Курская дуга) ккараб рагъалда. Тарихалдасан лъалеб букIахъе, немцазул кIудияб хьул букIана гьенир советиял аскарал щущахъги рихххизарун, Москва босизе, амма нилъер аскараз, Москваялдаги Сталининградалдаги гIадин, гьезда кьаби щвезабуна. Гьелдаса байбихьун, нилъер армия нахъе къачIо, гьеб цого цебехун ана ва гьелъ ахиралдаги Германия щущахъ бихххизабуна.

Курскалъул свериялда букIараб гьеб рагъул хIакъикъаталъул къокъабго баян лъималазе гьениб районалъул централияб библиотекаялъул директорасул заместитель МухIамадхIабиб МухIамадхIабибовас кьуна. Гьес абуна: *«50 сордо-къоялъ халатбахъараб гьеб рагъда, немцалги щущахъ рихххизарун, нилъер аскарал церехун ана, гьел тIокIалъ нахъеги къачIо»*,-ян. Лъималаз гьеб тадбиралда гьабулеб жигараб гIахьаллъиялъ бихьизабулеб букIана гьезда ВатIанияб рагъул тарих гIезегIанго лъикI лъалеб букIин. ЦIалдохъабаз гьенир дол соназул рагъул кучIдулги рикIкIана, узухъда, гьезда гьоркьор Расул ХIамзатовасул «Къункъраби» ва Анна Ахматовалъул «Реквием» кучIдулги рукIана. Гьеб тадбиралде гьениб газетазулгун журналазул *«Дол машгьурал соназе къулула бетIер»* абураб экспозицияги хIадурун букIана.

Данделъи ахиралде щвана цадахъаб сурат бахъиялдалъун.

Рехсараб гIадинал тадбирал ЦРБялъул цогидал филиаллаздаги тIоритIана.

***Зульмира Адилмирзаева, ЦРБялъул директор***

---

***Росдал магIишаталда***

# ТIадбан унеб буго

Нилъеда лъала росдал магIишаталъул хIасилал гIемерал рахъазда рараллъун рукIунеллъи. Лъала, заманалда ва кколеб къагIидаялда, ракьгун гьарулел киналниги хIалтIаби тIоритIаниги, гьава-бакъалъул рекъей ккунгутIиялъ (гIемерал цIадал, горо раялъ, ракъдаллъи ккеялъ, халатаб заманалъ гьурал пулел рукIиналъ ва гь.ц.) тIощел гIезабиялда тIад гьабурабщинаб хIалтIи гIадада ккезе бегьулеблъиги. Амма, сундухъго балагьичIого, нилъер магIишатазул хIалтIухъаби, кIвахI тун, тIощел гIезабиялда тIад хIалтIула.



Гьал къояз тIадбан унеб буго нилъер районалъул магIишатазда хаслихъе культураби ракIариялъул кампания. Гьеб кампания гIуцIиялда нухда иналъе магIишатазда киналниги шартIалги чIезарун руго. Гьелдаго цадахъ, бачIунеб соналде хIадурлъиялъул хIалтIабиги тIоритIулел руго. Гьел магIишатазда хаслихъе культураби 2045 гектаралда рекьун рукIана. (Ролъ-1433 га, пурчIина-545 га ва силос-67 га). Бищунго цIикIкIараб къадар хаслихъе ролъулги пурчIинадулги бекьараллъун рукIана Ленинаулалъул «Гьудуллъи» (512 га), гIакьхъазул «БагIараб Октябрь» (400 га) СПКялги, Дилим росдал «Дылымское» (190 га) ГУПги, М. Мусаевасул КФХги (388 га).

24 июлалда УСХялде рачIарал баяназда рекъон, ролъул 2689 тонна ва пурчIинадул 1161 тонна бакIарун буго. Гьоркьохъеб хIисабалда, цо гектаралдаса ролъул 25,9 центнер бачIун буго. Гьеб рахъалъ цебесеб кьерда руго КФХ «Их» (30 ц.), «Гертма» СПК, «Дылымское» ГУП (27-28 ц.). ПурчIинадул, гьоркьохъеб хIисабалда, цо гектаралдаса 21,7 ц. бачIун буго.

РакIалде ккола нилъер районалъул магIишатазул хIалтIухъабаз заманалда тIощел бакIариялъе ва бачIунеб соналде хIадурлъиялъе кинабго къуват кьелин.

***ГIабдулатIип ГIабдулмуслимов,***
***УСХялъул бетIерав агроном***

---

***26 июль-Дагъистаналъул Конституциялъул къо!***

# Дагъистаналъул Конституциялъул къоялде

Кинал рукIаниги байрамазда хурхун, нилъер районалда гIезегIанал тадбирал тIоритIула. Гьеб рахъалъ хасаб бакI ккола культураялъул хIалтIухъабаз. Гьеб тасдикъ гьабула 24 июлалда, Дагъистаналъул Конституциялъул къоялда хурхун, районалъул культураялъул Централъул хIалтIухъабаз тIобитIараб тадбиралъги.

Гьеб данделъиялда гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. Гъирисханов, культураялъул отделалъул начальник А.К. Ибрагьимов, «Чапар» газеталъул бетIерав редактор И.Б. Салимханов, харабазул Советалъул председатель С.Э. НургIалиев, руччабазул Советалъул председатель П.С. Айтемирова, цIалдохъаби ва цогидалги. Данделъи нухда бачарай М.Ш. Яндаевалъ гьениб Дагъистаналъул Конституциялъул тарих бицана.

КIалъазе рахъарал Гъ. Гъирисхановас, С. НургIалиевас ва А. Ибрагьимовас данделъиялъул гIахьалчагIазда байрам баркана ва Дагъистаналъул халкъалъе Конституциялъул, гьелъул къо кIодо гьабиялъул бугеб кIвараялъул бицана. Тадбиралда гIахьаллъаразул ракIазе, узухъда, кIудияб асар гьабуна гьенир, республикаялъул миллатазе хасиятаб ретIелги ретIун ва гьезул мацIазда, ПатIа Айтемировалъ, Патай Джайрулаевалъ, Хадижат МухIамадовалъ ва Ленинаул росдал №2 школалъул



цIалдохъан Фатима Юзъяшаровалъ рикIкIарал, Руслан Имамирзаевас, «Арбабаш» ансамблялъул гIахьалчагIаз ахIарал патриотикиял кучIдуз ва Гуни росдал культураялъул Рукъалъул директор Загьра УмалхIатовалъ, *«Рагъда вугев васасул кагъат»* абураб цIаралда гъоркь, бихьизабураб театралияб сценкаялъ.

Гьединго, гьеб тадбиралде хIадурун рукIана нилъер миллатазе хасиятал кванил нигIматалги.

Данделъи ахиралде щвана гьелъул гIахьалчагIаз магIарулазул гимн ахIиялдалъун.

Конституциялъул къоялда хурхарал тадбирал Дилим росдал лицеялдагун Ленинаулалъул №2 школалдаги тIоритIана.

ТIолгороссиялъул *«ТIоцересезул багъа-бачари»* жамгIияб багъа-бачариялъул *«Классазул дандчIвай»* проекталда хурхун тIоритIарал гьел тадбирал гIуцIараз гIезегIанаб хIаракат бахъун бугоан гIуцIиялда дандчIваял тIоритIиялъе.




Лицеялда тIобитIараб дандчIваялда гIахьаллъарал МФЦялъул директор Раисат ХIайбулаевалъ, районалда *«ТIоцересезул багъа-бачари»* гIуцIиялъул хIалтIи нухда бачуней специалист, гьелъулго бакIалда бугеб отделениялъе нухмалъулей Наида Юсуповалъ, 14 сон тIубарал лъималазе паспорталги, рехсараб багъа-бачариялъул гIаламаталги, паспортазда кколел мужалаталги кьуна.

Жидерго кIалъаязда Раисатицаги Наидацаги лъималазе бицана Конституциялъул бугеб кIвараялъул, гьарана цIалдохъабазе лъикIабщинаб.

Ленинаулалъул №2 школалда цебе гIуцIараб лагералда тIобитIараб гьединабго тадбиралда гIахьаллъана росдал бетIер Гъайирсултан Эсенбиев.

Гъайирсултаница цIалдохъабазе бицана жиндирго гIумрудул нухалъул, гьес жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна ВатIаналде рокьи букIине кколеблъиялда, Конституция къабул гьабиялъул бугеб кIваралда, гьелъул рихьизариязда рекъон, гIумру нухда тIобитIизе тIадаб букIиналда. КIалъаялъул ахиралда Гъ. Эсенбиевас лагералда хIухьбахъулел лъималазе гьарана щулияб сахлъи, рохел, талихI ва цIалулъ чIахIиял бергьенлъаби. Гьединго, гьес лъималазул суалазе жавабалги кьуна. Гьелде тIадеги, гьениб бицен ккана лъай, культура ва цогидал лъикIал рахъал рорхизариялъул, лагералда тIобитIараб заманалъул хIакъалъулъги.

Гьеб дандчIваялъе ахир лъураблъун лъималазе паспортал кьей букIана.

Гьединалго, тарих лъазабиялде ракIал цIалел, ВатIаналде, гIагараб ракьалде рокьи цIикIкIинабулел тадбирал тIоритIана Хубар, Гуни, ИчкIа ва Алмахъ росабазул культураялъул хIалтIухъабазги.

РакIалде ккола гIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъулъ гьел тадбираз жидерго бакIал кквелилан.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

Утверждено
приказом МБУ «Редакция газеты «Чапар»
№ 53 от 19.07.2023г.

# Положение

## о районном конкурсе "Скажи терроризму нет!", приуроченного ко Дню солидарности в борьбе с терроризмом

**1. Общие положения**

Настоящее положение определяет порядок организации и проведения конкурса творческих работ, приуроченного ко Дню солидарности в борьбе с терроризмом, (далее именуется - Конкурс).

**2. Организаторы Конкурса**

Организатором Конкурса является МБУ «Редакция газеты «Чапар».

**3. Цели и задачи Конкурса**

3.1. Цель Конкурса - противодействие идеологии терроризма и экстремизма, формирование гражданской позиции, гармонизация межэтнических отношений, профилактика правонарушений.

3.2. Задачи Конкурса:

-привлечение внимания к фактору опасности проявления терроризма и экстремизма в нашей стране и в мире;

-содействие формированию правильного мнения о сущности и общественной опасности терроризма в современном мире;

-содействие творческому самовыражению участников Конкурса.

-расширение кругозора, развитие эстетического вкуса и творческого подхода к решению поставленных задач;

-развитие творческого потенциала;

-привлечение внимания и вовлечение молодежи противодействию экстремизму и терроризму.

**4. Участники Конкурса**

В Конкурсе принимают участие все желающие, без деления на возрастные категории.

**5. Условия и порядок проведения Конкурса**

5.1. Участники Конкурса до 5 сентября 2023 года предоставляют свои конкурсные материалы организатору Конкурса.

5.2. Участники представляют свои работы по следующим номинациям:

- изобразительное искусство (рисунок, плакат);
- авторское литературное произведение (сочинение, стих).

**6. Способы отправки:**

-на съемном носителе;

- по электронной почте: redakciya-chapar@mail.ru.

**7. Критерии оценивания:**

- соответствие творческой работы заявленной теме конкурса;
- художественный уровень, мастерство и качество исполнения работы;
- общее эмоциональное восприятие;
- каждый критерий оценивается от 1 до 10 баллов.

**8.Члены жюри**

8.1. Организатор Конкурса 7 сентября 2023г. организует передачу конкурсных работ членам жюри.

8.2. Члены жюри с 7 сентября по 11 сентября 2023г. проводят оценку конкурсных работ.

8.3. Члены жюри 12 сентября 2023 г. направляют оценочные листы на адрес электронной почты: redakciya-chapar@mail.ru.

8.4.13 сентября 2023 года подведение итогов Конкурса и награждение победителей.

**9. Награждение победителей**

9.1. Победитель и призеры Конкурса награждаются дипломами и денежными вознаграждениями: 1 место - 5000 рублей; 2 место - 3000 рублей;
3 место - 2000 рублей.

# ВИДЫ МОШЕННИЧЕСТВ И ЧТО ДЕЛАТЬ, ЕСЛИ ВЫ С НИМИ СТОЛКНУЛИСЬ:

**1. Вам позвонили/прислали SMS с неизвестного номера с просьбой о помощи близкому человеку.**

* Не впадайте в панику, не торопитесь предпринимать действия по инструкциям неизвестных людей

* Задайте звонящему вопросы личного характера, помогающие отличить близкого Вам человека от мошенника

* Под любым предлогом постарайтесь прервать контакт с собеседником, перезвоните родным и узнайте, все ли у них в порядке

**2. Вам пeзвонили/прислали SMS «из банка» с неизвестного номера.**

* Не торопитесь следовать инструкциям и отвечать на запрос

* Не сообщайте персональные данные неизвестным лицам, даже если они представляются сотрудниками банка

* Проверьте информацию, позвонив в контактный центр банка

* Незамедлительно обратитесь в правоохранительные органы

**3. Вам позвонили прислали MMS или ссылку с неизвестного номера.**

* Не открывайте вложенные файлы, не переходите по ссылкам, удалите подозрительное сообщение

* Используйте антивирусное программное обеспечение для телефонов только от официальных поставщиков

* Защитите свой телефон, подключите БЕСПЛАТНУЮ услугу **«Стоп-клиент»**

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Футбол цебетӀезабиялда хурхун...

Нилъер районалда футбол хӀаялъе шартӀал чӀезариялда сверухъ гьабулеб хӀалтӀулги футболистазул бергьенлъабазул хӀакъалъулъги районалъул газеталда ва сайтазда гӀемер хъван букӀана. Гьедин букӀиналда тӀад гьарулел ишал киданиги гьоркьор къотӀунги рукӀинчӀо. Футболалде нилъер гӀолилазул рокьи букӀин бихьизабула, гьеб цебетӀезабиялда хурхун, районалъул бетӀерасухъе гьез рачӀунел хитӀабазги.



Футбол хӀай цебетӀезабиялъе районалда гьабулеб хӀалтӀул хӀакъалъулъ бицен гьабуна физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гӀолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул начальник Ибрагьим Булатхановас.

Гьес абуна: *«Районалъул бетӀерас кӀудияб кӀвар кьолеб буго росабалъ футбол хӀаялъе площадкаби чӀезариялде. Гьесул хӀаракаталдалъун, районалъул росабалъ рехсарал 7 мини- площадкаби хӀадурана (Дилим-2, Ленинаул-2, Буртунай-1, ИчкӀа-1 ва Паркьухъ-1). Алмахъалдагун Дилималда хӀадурарал площадкаби, кваттичӀого, хӀалтӀизаризеги кьезе руго, гьединалго площадкаби рукӀина Хубар ва Гертма росабалъги. Гьездаго цадахъ, Ленинаулалда букӀине буго футбол, баскетбол (2 площадка) ва волейбол хӀазе рес кьолеб площадкаги. Гьеб проект бетӀераллде бахъинабиялда тӀад, программаялда рекъон, «Газпром» гӀуцӀи хӀалтӀизе буго. Футбол х1аялъул стадионал Дилим, Гуни ва Калининаул росабалъ раялъе проект хӀадуриялда тӀадги хӀалтӀулел руго.*

*Районалъул администрациялъул кумекалдалъун, нилъер гӀолохъаби гӀахьаллъу- ла футболалъул зоналиял, республикаялъулал ва цогидалги къецазда, ва гьез гьенир призалъулал баклалги росула. Футболалъул киналниги объектал хӀалтӀизе риччан хадуб гьеб цебетӀезабиялъе хасаб планги хӀадуризе буго»,*-ян.

***«Салатавия» сеталъулаб издание***

# Цоги нухалда тӀадруссун...

Нилъер лъида лъалареб хинаб заманалда, хасго риидал, цӀаккеялъул хӀинкъи цӀикӀкӀунеблъи ва гьелъие гӀиллабазул къадар гӀемерлъулеблъи. ХалатбахъараБ, багӀараб ва цӀадал дагьаб заманалда хурзабахъ, харибакӀазда ва рохьазда, цӀодорго хьвадулел гьечӀони ва нилъер гӀайибалдалъун, цӀаккеялъе ресал гӀемерго цӀикӀкӀуна.

Цоги, хинаб заманалда ток хӀалтӀизабиги гӀемерлъула ва токил алатазде (трансформаторал, мухъал ва г ь. ц.) хӀал щола, гьелъги, хасго мина-свериялда, цӀаккеялъе квербакъула. ЦӀаккеялдаса цӀуниялъул хӀакъалъулъ гӀемер бицунеб ва хъвалеб бугониги, гьелъул хӀужаби дагьлъулел гьечӀо, гьедин ккеялъул гӀайибги, цӀикӀкӀунисеб заманалда, нилъедаго букӀунеб буго.

Россиялъул цӀаккеялдаса цӀуниялъул къагӀидаби (№1479, 16.09.2020 сон), тӀоцебесеб иргаялда, гӀуцӀун руго цӀаккеялъул къадар дагьлъизаби мурадалда (рукъзабахъ, тӀабигӀаталда ва цогидал бакӀазда).

ТӀадехун рехсарал къагӀидабазда рекъон, гӀадамаз яшав гьабулеб бакӀазда сверухъ ругел ракьазул бетӀергьабазда, ижарачагӀазда ва цогидазда тӀадаб буго жидер жавабкьеялда ругел ракьал ришни-къулалдаса ва цогидаб цӀаккеялъе ресал кьолебщиналдаса эркен гьаризе. (Гьеб гьабизе ккола кадастровияб яги гӀорхъи- чӀезабиялъулаб планалда рекъон). Кинал рукӀаниги рарал бакӀазда гьоркьоб цӀаккеялдаса цӀуниялъул манзил цӀунизеги тӀадаб буго.

ЖамгӀиятальъ цадахъ хӀалтӀизарулел бакӀаздаги, жидер мурадал тӀураялъе гӀоло, цӀаял ракизе гьукъун буго, гьединго, гьенир цӀаккеялъе рес кьолеб ва цӀикӀкӀунго гьелъие хӀинкъи букӀунеб къайи-цӀа цӀунизеги бегьуларо.

Кибехун букӀаниги, бакъвараб хер бухӀи мурадалда, цӀа бакизеги бегьуларо. Гьедин гьабиялъ рохьазда, мегъазда, минабазда ва цогидал бакӀазда цӀаккеялъе цӀикӀкӀарал ресал кьола.

ТӀадехун рехсарал къагӀидаби хвезаруразда тӀад чӀахӀиял гӀакӀаби къотӀизе бихьизабун буго (РФялъул КоАПалъул 20-аб. статьялъул 1-аб. бутӀа). ГӀакӀадул къадарги батӀи-батӀияб буго. Гӏадатиял гӀадамазда, цӀаккеялдаса цӀуниялъул къагӀидаби хвезариялде балагьун, тӀад къотӀулеб гӀакӀа (5000-50000 гъур.), жавабиял чагӀазда (20000-100000 гъур.) ва юридическияб жавабчилъиялъул хӀалтӀухъабазда (40000-800000 гъур.).

**ХӀурматиял Казбек районалъул гӀадамал ва гьалбал!**

ЦӀаккеялъул нугӀзаллъун нуж ккани ва гьеб свинабизе нужерго рес рекъолеб гьечӀони, хехлъи гьабун, ахӀе **"101"яги"112"** номералде.

***Н.К. Насрудинов,***
***№10 ПРалъулгун ОНДялъул начальникасул заместитель***

**БетӀерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94 **Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГӀабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхӀажиев **Набор:** М.М. ХӀайбаева **Верстка:** М.А.АтавхӀажиева ва З.ХӀ. ХӀасанова **Фотокорреспондент:** ГӀ.ХӀ. ХӀамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда** Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахӀачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хӀадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.** Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00 ХӀакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, **Индекс:** 51354 Тираж-1523, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**